

AVI KONFIDANSYALITE



MAP-2020c (HC) 12/21/2023

AVI SA A DEKRI FASON YO KA ITILIZE AK PATAJE ENFÒMASYON MEDIKAL KI KONSÈNE OU YO AK FASON OU KAPAB GEN AKSÈ AK ENFÒMASYON SA YO. EGZAMINE L AK ATANSYON.

Pwogram Medicaid New York la dwe di w kijan nou itilize, pataje, ak pwoteje enfòmasyon sou sante ou. Nan pwogram Medicaid New York la gen Medicaid nòmal ak Medicaid Managed Care. Se Depatman Sante la ak Depatman Sèvis Sosyal Lokal ak Eta New York State la ki jere pwogram nan.

Enfòmasyon sou Sante ou se bagay Konfidansyèl.

Nou gen obligasyon pou nou kenbe enfòmasyon ou yo konfidansyèl, pou nou pataje enfòmasyon ou yo sèlman lè nou bezwen sa, epi pou nou suiv pratik konfidansyalite ki nan avi sa a. Nou dwe fè gwo efò pou nou pwoteje non moun ki ap jwenn sèvis pou VIH/SIDA oswa dwòg ak alkòl yo.

Ki Enfòmasyon sou Sante Pwogram Medicaid New York la Genyen?

Lè ou aplike pou Medicaid, ou kapab gen pou ban nou enfòmasyon sou sante ou. Lè doktè ou, klinik yo, lopital yo, plan jesyon swen yo ak lòt founisè swen sante yo voye yon reklamasyon pou pèman, nou jwenn enfòmasyon sou sante ou, tretman ou ak medikaman ou yo tou.

Ki Fason Pwogram Medicaid New York la Itilize epi Pataje Enfòmasyon sou Sante ou yo?

Nou dwe pataje enfòmasyon sou sante ou yo lè:

- **Ou menm oswa yon moun ki reprezante ou mande enfòmasyon sou sante ou.**
- **Ajans nan gouvènman yo mande enfòmasyon an jan lalwa pèmèt sa, tankou nan ka odit.**
- **Lalwa oblige nou pataje enfòmasyon ou yo.**

Nan aplikasyon Medicaid ou an, ou bay Pwogram Medicaid New York la dwa pou itilize epi pataje enfòmasyon sou sante ou yo pou peye pou swen sante ou epi pou fè pwogram nan fonksyone. Pa egzanp, nou itilize epi pataje enfòmasyon ou yo pou:

- **Peye fakti doktè, lopital, epi/oswa founisè swen sante ou.**
- **Asire nou ou resevwa bonjan kalite swen sante epi yo te respekte tout règ yo ak lwa yo.**

Nou kapab verifye enfòmasyon sou sante ou yo:

- **Pou nou rive wè si ou te resevwa pwosedi medikal oswa ekipman swen sante ki kòrèk la.**
- **Pou nou kontakte ou pou chanjman enpòtan ki fèt nan avantaj sante ou.**
- **Pou asire nou ou te enskri nan bon pwogram sante a.**

- Pou nou kolekte pèman ki soti nan lòt konpayi asirans yo.
- Pou nou detèmine elijiblite ou nan Medicare Pati D oswa nan lòt pwogram asirans ki kapab pi ekonomik pou ou.

Nou kapab itilize epi pataje enfòmasyon sou sante ou yo tou nan kèk sikontans ki limite pou:

- **Etid sou swen sante.** Nou kapab egzamine enfòmasyon sou sante anpil konsomatè yon fason pou nou jwenn mwayen pou bay pi bon swen sante.
- **Pou prevwa oswa reyaji devan gwo pwoblèm sante oswa sekirite pou ou menm oswa pou kominote ou la jan Iwa federal ak Iwa eta yo pèmèt sa.**

Ou dwe bay otorizasyon alekri pou tout lòt itilizasyon ak divilgasyon:

- **Nòt sikoterapi**
- **Itilize ak pibliye Enfòmasyon sou Sante ki Pwoteje pou fè maketing, tankou komunikasyon ki gen rapò ak tretman sibvansyone**
- **Divilgasyon ki gen rapò ak vann Enfòmasyon sou Sante ki Pwoteje.**

Nou dwe gen otorizasyon ou alekri pou itilize oswa pataje enfòmasyon sou sante ou pou nenpòt objektif ki pa mansyone nan avi sa a sof si lalwa ki aplikab pou nou yo oblige nou fè sa.

Ki Dwa Ou Genyen?

Ou menm oswa moun ki reprezante ou yo gen dwa pou:

- Jwenn yon kopi avi sa a sou papye.
- Gade oswa jwenn yon kopi enfòmasyon sou sante ou. Si yo refize demann ou an, ou gen dwa pou egzamine refi a.
- Mande yo chanje enfòmasyon sou sante ou yo. Nou pral egzamine tout demann yo, men nou pa kapab chanje fakti doktè, klinik, lopital oswa lòt founisè swen sante ou yo voye.
- Mande yo limite fason yo itilize epi pataje enfòmasyon ou yo. Nou pral egzamine tout demann yo, men nou pa oblige dakò ak sa ou mande a sof nan ka kote lalwa oblige nou fè yon divilgasyon konsa.
- Mande nou kontakte ou diferan fason pou enfòmasyon sou swen sante ou (pa egzanp, ou kapab mande nou voye yon kourye pou ou nan yon lòt adrès).
- Mande pou fòm espesyal ou siyen ki pèmèt nou pataje enfòmasyon sou sante ou avèk moun ou vle. Ou kapab anile otorizasyon ou lan nenpòt lè, depi yo pa t deja pataje enfòmasyon yo.
- Jwenn yon lis moun ki te resevwa enfòmasyon sou sante ou yo. Nan lis sa a p ap gen enfòmasyon sou sante ou menm oswa moun ki reprezantan ou la te mande, enfòmasyon nou itilize pou fè Pwogram Medicaid New York la fonksyone oswa enfòmasyon nou bay pou fè aplike lalwa.
- Mete ou okouran nan ka kote yo vyole nenpòt nan Enfòmasyon sou Sante ou ki Pwoteje akoz li pa an sekirite.

Gade sit wèb Administrasyon Resouzimèn Vil New York la pou jwenn yon kopi elektwonik nan avi sa a (https://www1.nyc.gov/assets/hra/downloads/pdf/services/>.micsa/privacy_notice.pdf). Ou ka vizite sit wèb Depatman Sante Eta New York la tou pou w wè yon lòt vèsyon (https://www.health.ny.gov/health_care/medicaid/program/hipaa/notepriveng.htm).

***Yo pa pral penalize w poutèt ou depoze yon plent. Si nou chanje enfòmasyon ki nan avi sa a, n ap afiche vèsyon amande a sou sitwèb nou an nan:**

(https://www1.nyc.gov/assets/hra/downloads/pdf/services/micsa/privacy_notice.pdf)

Èske ou gen yon pwoblèm medikal oswa sante mantal oswa yon andikap? Èske pwoblèm sa a rann li difisil pou ou konprann avi sa a oswa pou w fè sa avi sa a mande w fè yo? Èske pwoblèm sa a fè li difisil pou ou pou jwenn lòt sèvis nan HRA? Nou kapab ede w. Rele nou nan 888-692-6116. Epitou, ou kapab mande èd lè w ale nan yon biwo HRA. Ou gen dwa pou mande kalite èd sa a daprè Lalwa.